

Mare Li Pa Anlè



An fèt, mare l' plizyè kote

Lè ou mare yon kay fabrike oswa yon kay mobil, sa anpeche li andomaje pandan yon siklòn. Eske se pa yon bon bagay? Sa gen dwa fè-ou sere lajan asirans, epi se yon bagay lwa Laflorid egzije. Mare kay-ou se yon bagay ki fè anpil sans.

Lè ou mare yon kay pa anlè, sa anpeche kay-ou vire tèt anba lè van-yo vini sou kote-li. Lè ou mare yon kay sou kote, sa anpeche kay-ou leve anlè poutèt van ki soufle tou dwat. Si ou pa mare kay-ou, kay-ou an danje.


Lalwa mande pou yo mare tout kay fabrike ak kay mobil. Yon nouvo kay dwe gen sistèm ki pou mare li-a, selon sa fabrikan-an mande-a. Yo gen dwa enstale sistèm-nan nan kay ki ansyen, selon sa fabrikan-an mande-a, si yo konnen estanda sa-yo, oswa selon estanda eta-a.

Si ou kapab bay prèv ke yo te enspekte sistèm pou mare kay ou-an, konpayi asirans ou-an gen dwa ba-ou yon rabè jiska 10 pousan prim anyèl ou-a, selon sa lwa Laflorid mande. Prim ou-an gen dwa monte pito si ou pa an mezi bay prèv ke ou gen bon jan sistèm pou mare kay-la kòm sadwa.

Lwa Laflorid mande pou se yon enstalatè lisansye oswa moun ki vann kay fabrike ki pou enstale sistèm pou mare kay-la. Pwofesyonèl sa-yo ap asire-yo ke yo sèvi ak bon jan sistèm pou mare kay-ou.

Pou aprann pi plis sou zafè mare kay ak enspeksyon, oswa pou verifye ke moun k'ap enstale sistèm-nan gen lisans, kontakte Depatman Sekirite Otowout ak Machin Laflorid (Florida Department of Highway Safety and Motor Vehicles), Biwo Kay Mobil/ Konstriksyon RV (Bureau of Mobile Home/ RV Construction), nan **(850) 413-7600**

Si ou gen keksyon sou zafè pran asirans pou kay fabrike oswa kay mobil ou-an epi ajan ou-an pa kapab ede w', rele Depatman Sèvis Finansye Laflorid (Florida Department of Financial Services) nan nimewo gratis pou konsomatè-yo ki se **1-800-342-2762**



Florida Department of Financial Services

Alex Sink

Ofisye Finansye Anchèf Laflorid

www.fldfs.com